

# 27 Jwen Se Dat Limit Pou Ou Aplike Pou Asistans Federal Nan Broward County

---

Release Date: Jen 26, 2023

**LAKE MARY, Florida** – Si rezidans prensipal ou a se nan Broward County epi ou te sibi domaj oswa pèt nan gwo tanpèt ak inondasyon an avril, pa rete tann ankò. Dat limit pou aplike pou asistans federal la se **27 jwen 2023**.

FEMA gendwa kapab ede ak asistans pou lokasyon oswa lòt depans ki gen rapò ak katastwòf, epi si w se yon pwopriyetè kay, FEMA kapab ede w tou ak reparasyon esansyèl lakay ou ki pa kouvri pa asirans.

Pwopriyetè kay ak lokatè nan Broward County ka rele 800-621-3362, vizite yon Sant Rekiperasyon Dezas, ale anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov) oswa itilize [aplikasyon FEMA an](#).

Gen yon Sant Rekiperasyon Dezas ki ap fonksyone nan Hortt Park nan Fort Lauderdale jiska Jedi 29 jwen. Li ouvè jou Madi rive Jedi, 9:00 am rive 8:00 pm.

Dat limit pou voye yon aplikasyon pou prè pou katastwòf ba U.S. Small Business Administration (SBA) se 26 jwen. Aplikan yo ka itilize Aplikasyon ELEktronik pou Prè a anliy atravè sit entèèt sekirize SBA an nan [DisasterLoanAssistance.sba.gov/ela/s/](https://www.DisasterLoanAssistance.sba.gov/ela/s/). Pou w jwenn enfòmasyon ak fòmilè aplikasyon pou prè pou katastwòf lan, ou ka rele Sèvis Alakliyantèl SBA nan **800-659-2955** oswa voye yon imel nan [DisasterCustomerService@sba.gov](mailto:DisasterCustomerService@sba.gov).

Dat limit pou retounen aplikasyon SBA pou pwoblèm ekonomik se 29 janvyè 2024.

Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon an nan Florid, vizite [fema.gov/disaster/4709](https://www.fema.gov/disaster/4709) ak [floridadisaster.org/](https://www.floridadisaster.org/). Swiv nou sou Twitter: [@FLSERT](https://twitter.com/FLSERT) ak [@FEMARegion4](https://twitter.com/FEMARegion4).



**FEMA**

Page 1 of 1